



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE NOUYÒKÈ KI GEN REVNI BA YO KONT FWÒD

Lejislasyon S.6088/A.4023-A egzije magazen ki aksepte kat elektwonik transfè avantaj yo pou yo avèti kliyan yo sou ekremaj ak kijan yo ka pwoteje tèt yo kont pratik sa a

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon S.6088/A.4023-A pou pwoteje Nouyòkè ki gen revni ba yo kont fwòd nan egzije magazen yo pou yo aksepte kat elektwonik transfè avantaj yo pou avèti sou ekremaj (vòl done). Gen ekremaj lè yon magouyè enstale yon aparèy nan yon tèminal pwen de vant ki vòlè done kat mèl li ak nimewo pin nan, sa ki pèmèt magouyè a fini ak avantaj viktim nan. Nan sansibilize moun sou ekremaj, lejislasyon sa a ap ede anpeche Nouyòkè yo vin viktim pratik sa a ak anpeche yo pèdi avantaj SNAP oswa asistans lajan kach yo.

"Soti nan lèt tibebe rive nan manje fre, Nouyòkè yo itilize kat EBT yo pou yo peye depans pwodui esansyèl yo pou asire fanmi yo jwenn manje ak rete an sante," **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap pran mezi pou nou pwoteje Nouyòkè yo kont magouyè k ap vòlè lajan nan pòch yo nan asire nou kliyan yo konnen pratik ekremaj la epi asire nou yo konnen kijan pou yo pwoteje tèt yo pou yo pa vikim".

Anpil Nouyòkè pa okouran de ekremaj jiskaskè li twò ta. Yon fwa moun k ap fè ekremaj yo vòlè done kat yon moun ak nimewo pin nan, yo gen kapasite pou yo fini ak avantaj viktim nan. Lejislasyon S.6088/A.4023-A ede pwoteje konsomatè yo nan egzije biznis yo ki aksepte kat EBT yo pou yo mete yon pankat nan pwen de vant lan ki gen ladan avi pou enfòmè kliyan yo sou pratik sa a. Anplis de sa, lejislasyon an egzije pou avi a gen ladan mezi kliyan yo ka pran pou yo pwoteje tèt yo ak lòt resous.

Senatè Eta John C. Liu te deklare, "Ekremaj EBT se yon pwoblèm k ap grandi nan eta a ki dwe rezoud nan pwen de vant yo pou pi byen pwoteje Nouyòkè ki gen revni ba yo ki konte sou avantaj sa a pou nourri fanmi yo. Mèsi ak Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon enpòtan sa a ak Manm Asanble Rozic paske yo defann inisyativ sa a nan Asanble a ak paske yo asire yo tout Nouyòkè yo ka gen bon enfòmasyon yo bezwen pou pwoteje tèt yo ak fanmi yo."

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, "Chak jou, plis Nouyòkè ki gen revni ba gen risk pou yo vòlè avantaj SNAP yo san yo pa gen okenn rekou. Se poutèt sa li enpòtan pou nou sansibilize moun yo ak bay pwoteksyon pou konsomatè yo pou sila yo ki konte sou kat EBT yo pou mete manje sou tab yo. Mwen remèsye Senatè Liu paske li pa t sispann defann sityasyon sa a, ak Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa enpòtan sa a pou fè li vin yon lwa."

Nouyòkè yo te vòlè avantaj SNAP oswa Asistans Piblik yo pa mwayen elektwonik ka ranpli yon aplikasyon senp pou ka jwenn yon ranplasman. Tout mèt kat EBT yo, sepandan, dwe rete vijilan konsènan fwòd sa yo epi pran plizyè prekosyon debaz pou pwoteje tèt yo, sa gen ladan byen verifye aparèy nan pwèn de vant lan, chanje PIN yo souvan, ak revize istorik tranzaksyon yo souvan.

Nenpòt moun yo vòlè avantaj li yo dwe kontakte Liy Èd Sèvis Kliyan EBT a pou yo fè konnen yo te vòlè kat li epi mande yon lòt kat EBT. Nouyòkè yo ka kontakte liy èd la lè yo:

- o Rele 1-888-328-6399;
- o Vizite [ConnectEBT](#); oswa
- o Itilize aplikasyon mobil ConnectEBT.

Aprè yo fin rapòte yo te vòlè kat EBT yo epi mande yon lòt kat, Nouyòkè yo ap jwenn enfòmasyon sou jan pou yo aplike pou jwenn avantaj sou lòt la [isit la](#). Benefisyè ki elijib yo ap resevwa pi piti ant kantite yo vòlè a oswa de fwa tout alokasyon chak mwa yo te resevwa nan mwa anvan yo te vòlè avantaj yo a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)